

ANALIZ LOKATÈ: DISKRIMINASYON DEGIZE

Verifikasyon pase moun yo ki fèt yon fason otomatik ka sanble efikas men yo ka gen efè diskriminatwa sou moun ki gen dosye kriminèl, sa ki limite aksè pou yo ta jwenn opòtinite lojman. Lojisyl yo itilize nan verifikasyon sa yo souvan anba yon konpayi k ap seleksyon lokatè, e li ka ogmante prejije sistematik ki afekte moun nwa yo yon fason ki pa jis.



Fè evalyasyon endivididyèl



Depatman Lojman ak Developman Iben an rekòmande pou tout moun ki deside lwe oswa pa lwe yon lojman fè yon 'evalyasyon endivididyèl' sou pase kriminèl moun ki ka vin lokatè a. Evalyasyon sa mande yon egzamen konplè sou:

- Ki lè zak la te fèt?
- Ki zak ki te komèt la e nan ki nivo li grav?
- Kisa ki pase depi apre zak la te fin fèt?

Nan Connecticut, lwa lojman ekitab pwoteje tout moun, kèlkeswa pase yo. Li illegal pou refize lwe yon moun lojman sèlman sou baz dosye kriminèl li san yo pa konsidere reyabilitasyon ak sikonstans endividyèl yo.

Men kèk konsèy ki ka ede w nan rechèch lojman:

- Mande detay espesifik sou evalyasyon pase yo ak ak kritè yo itilize yo
- Abitye tèt ou ak lwa sou lojman ekitab nan Connecticut
- Si w panse ou te viktim diskriminasyon, konsilte Connecticut Fair Housing Center pou w ka jwenn konsèy.
-

Verifikasiyon otomatik pase w pa ta dwe baryè pou anpeche w jwenn lojman. Vin jwenn nou nan defann pratik lojman san patipri epi kreye kominate kote tout moun gen opòtinite egal pou jwenn yon kote yo rele lakay yo.

Sant Lojman Ekitab Connecticut se yon òganizasyon ki pa travay pou lajan k ap fè demach pou asire tout moun gen aksè egal pou jwenn opòtinite lojman, san diskriminasyon.

Si w te fè eksperyans diskriminasyon pou lojman, fè yon rapò sou sa! Kontakte Sant Lojman Ekitab Connecticut!

(860) 247-4400 | (888) 247-4401
info@ctfairhousing.org
www.ctfairhousing.org

